



Pou Piblikasyon Imedya: 05/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE MONIMAN ISTORIK ETA NEW YORK YO AP LIMEN VÈT POU ONORE MWA SANSIBILIZASYON SOU ATRIT LA

16 Moniman Eta pral limen vèt 6 me

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke moniman istorik ak pon atravè New York yo pral limen an vèt 6 me an rekonesans ak Mwa Sansibilizasyon sou Atrit (Arthritis Awareness Month) la.

"Dè milyon Nouyòkè soufri atrit chak jou, epi konkeri atrit kòmanse ak konprann sentòm yo ak konnen ki èd ki disponib", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap limen moniman Eta nou yo aswè a pou Onore Mwa Sansibilizasyon sou Atrit la, li enpòtan pou nou rete edike sou opsyon tretman ki disponib pou tout moun ki soufri maladi afeblisan sa a. Mwen ankouraje tout Nouyòkè yo - kèlkeswa laj yo - pou yo aprann sou sentòm atrit yo epi jwenn aksè ak swen jan sa nesèsè."

Yo pral limen 13 moniman istorik ak pon sa yo an vèt:

- One World Trade Center
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a
- Moynihan Train Hall

Komisè pa Enterim Depatman Sante Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare, "Atrit se kòz andikap ki pi komen nan nasyon an, li koute plizyè dizèn milya dola nan depans medikal dirèk epi li lakòz doulè paralizan pou moun k ap viv ak maladi

a. Etid yo montre ke inegalite sosyal, ekonomik, ak anviwonmantal ka mennen nan rezilta sante atrit negatif, se poutèt sa mwen rekonesan pou lidèchip kontinyèl Gouvènè Hochul nan asire aksè ak estrateji jesyon maladi efikas, ekitab ak enklizif pou tout Nouyòkè yo."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418